

---

## NOT POU LAPRES POU BAY DIZON NOU SOU GWO LEVE KANPE 07 FEVRIYE 2019 LA

---

Vendredi 08 fevriye 2019

Petwo Chalenjè ki reyini nan inisyativ Nou Pap Dòmi an, salye popilasyon an ki te reponn prezan nan gwo mobilizasyon nasyonal 7 Fevriye a. Patisipasyon masiv popilasyon an nan tout rakwen nan peyi a nan mobilizasyon sa yo se yon souflèt marasa kont tout klas moun k ap dirije peyi sa a yon fason dirèk osnon endirèk nan Leta a kou prive. Klas moun sa yo ki pa gen moralite ni etik, ki pa gen pyès respè pou lalwa ni byen piblik, klas gwo babin ak gwo zouzoun ki pran tout resous peyi a mete osèvis enterè ak byennèt fanmi ak zanmi yo; leve kanpe popilè sa yo egzije pouvwa ak revandikasyon pèp konte nan sa k ap fèt nan peyi a.

Nou salye kouraj jenès konbatan ki te rann 7 fevriye 1986 la posib, ki fè jodi a nou ka gen libète pou n ap foure bouch nou nan zafè peyi nou, pou n ap mande transparans nan jesyon lajan peyi nou. Nou pwofite salye memwa sila yo ki te tonbe, ak sila yo ki vivan k ap pote jouk jounen jodi sikatris gwo batay sa a nan kò yo ak nan nanm yo. Nou kriye viktya lakontantman lè nou konstate kijan rejim an plas la ki gen nan tèt li Jean Henry Céant ak Jovenel Moise tante fè blakawout sou dat sa a poutan pèp la li menm montre atachman li ak senbolis dat sila ki se yon eritaj batay ki make gwo batay pou te kapote rejim bout di Duvalier yo te enpoze nan peyi a pandan 29 lane.

Nou kondane zak represyon lapolis fè sou plizyè gwoup manifestan nan Pòtoprens tankou nan pwovens yo. N ap pwofite tou salye tout polisye ki te rete pwofesyonèl nan travay yo. Nou mande pou gen ankèt ki fèt epi pou gen mezi disiplinè ki pran kont tout ajan lòd ki angaje nan zak sa yo. Nou voye solidarite nou bay tout moun ki viktim nan fason osnon yon lòt nan gwo jounen mobilizasyon sa a.

Nou kondane tou soti krab gouvènman Jean Henry Céant fè yè swa byen ta, kote se menas represyon yo vin bay pèp la k ap rele pou lavi chè epi k ap denonse enkonpetans ak enkapasite yo pou fè fas devan pwoblèm sosyete yo di y ap dirije pandan y ap touche gwo lajan e jwenn privilèj pou sa.



# #noupapdòmi

Nou estomake tou lè nou rann nou kont yo pa di anyen sou 3 jenn elèv ki mouri anba bal kèk jou anvan gwo manif 7 fevriye a, ni pou sitwayen ki viktim akòz yo te oblije vin raple premye minis lan li p ap fè travay pèp la.

Gwo leve kanpe jedi 7 fevriye 2019 sa a montre ak lè pèp la pa gen okenn konfyans ni nan dirijan yo ni nan swadizan elit politik ekonomik, entèlektyèl peyi a ki pa rive mete okenn pwojè sosyete vyab pou te anpeche nou tonbe nan katchouboumbe nou ye la a ; men yo te pito chita ap jwi nan gaspiye ak piye byen Leta.

Leve kanpe sa yo k ap fèt depi 6 jiyè e ki pa janm kanpe yo montre tou, pèp Ayisyen an pa byen dijere ditou mezi ki pran yo fas ak degradasyon kondisyon lavi li. Malgre rejim anplas la dekrete Etadijans, nou rann nou kont tout privilèj yo rete nan men gwo bobin yo.

Jiskaprezan, nou poko wè limyè mizanplas pou pwojè kont moun ki dilapide lajan petwo yo ki se youn nan kondisyon pou retabli konfyans nan sosyete a, pou Leta reprann lajan prete yo vòlò pou li.

***Jiskaprezan, prèske 8 jou apre rapò pasyèl Lakoudèkont lan fin site non Prezidan Repiblik la pami moun ki te nan dilapide lajan petwo karibe a, li poko janm di ki jou l ap remèt tèt li bay Lajistis.***

Jiskaprezan, plizyè moun ki gen non yo site nan dosye dilapidasyon Lajan petwokaribe a kontinye okipe yon seri pòs kle nan Leta a. Sa ki simen dout sou kapasite Leta a pou mennen yon bon pwojè. Jiskaprezan, gouvènman an poko di kisa l ap fè pou fòse bwat Leta ki konsène yo bay Lakoudèkont tout dokiman li bezwen pou fin fè travay li.

Se pou rezon sa yo nou mande pèp la rete mobilize, rete fèm sou pozisyon li pou kontinye mande:

- 1. Prezidan Jovenel Moise pot tèt li bay Lajistis pou voye yon siyal klè pou yon pwojè ekitab k ap jije epi kondane tout dilapidè yo, rebran nan men yo sa yo te vòlò pou Leta ;***
2. Chavire sitèm sa a ki ap simaye privilèj bay gwo palto ki pa itil peyi a anyen epi meprize pèp la k ap koukouman anba move lavi. Sistèm ki monte sou esklizyon, eksplwatasyon ak dominasyon, ki koz plis pase mwatye popilasyon an pa gen aksè ak manje, swen sante, edikasyon, sekirite, travay ak kay pou l rete ; pandan gen yon ti klik k ap jwi tout richès peyi a.

Nou p ap kite okenn politisyen tizè pouwa, ni elit san konsyans k ap brase lajan sou fatra ni kò gwoup ak tout peyi k ap pran pòz zanmi peyi Dayiti vin detounen nou de objektif sa yo nou deja bay swè ak san



# #noupapdòmi

nou pou yo. Nou mande pou pèp la rete vijilan pou okenn kou mètdam pa vin fè nou batay pou granmèsi, nan retire atoufè pou mete atoufè epi revandikasyon nou yo pase anba pye.

Kale nou kòb Petwo Karibe a !

Nou Pap Dòmi !

Pou otantifikasyon :

***James BELTIS***

***Velina Charlier***

***Emmanuela DOUYON***

***Lucia Dominique Pascale SOLAGES***

***Salvatory St Victor***

***Katie-Flore Fils-Aimé***

***Daphney Valmond Bourgoïn***

***Obenson Joseph***

***Wilson Jean Baptiste***

***Moise Stevenson***

